



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 26 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO, THE WALT DISNEY COMPANY, MARVEL AND NETFLIX ANONSE SERI TELEVIZYON  
SÈN REYÈL KI BAZE SOU PÈSONAJ MARVEL PRAL FILME NAN NEW YORK**

***NYC Pral Sèvi Kòm Prensipal Lye Tounaj pou Kat Seri Epik ak Yon Mini Seri ki Repezante Pi Gwo  
Angajman Pwodiksyon nan Istwa NYS***

***Pwodiksyon yo Pral Pote Plizyè Santèn Milyon Dola nan Envestisman epi Debouche sou Kreyasyon  
Omwen 3.000 Dyòb nan Sektè a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo, The Walt Disney Company, Marvel and Netflix Inc. jodi a te anonse seri televizyon aksyon reyèl estanda ki pral pote pèsonaj 'flawed heroes of Hell's Kitchen' Marvel nan Netflix, prensipal rezo TV Entènèt sou latè, pral sitou filme nan Eta New York. Se Marvel Television, nan tèt kole ak ABC Television Studios, ki asire pwodiksyon seri tou nèf sa ki se esperyans pi anbisyè Marvel nan istwa televizyon sèn reyèl epi repezante pi gwo angajman pwojè pwodiksyon televizyon oubyen fim nan istwa Eta New York.

Tounaj la prevwa pou l kòmanse nan Ete 2014 la epi pral kreye omwen twa mil dyòb nan Eta New York san bliye apeprè 400 dyòb foultaim. Pwojè a pral gen ladann apeprè 60 epizòd innèdtan ki chita sou 4 pèsonaj Defenders: Daredevil, Jessica Jones, Luke Cage ak Iron Fist.

"New York se kote sektè espektak la te kòmanse, epi angajman san parèy Disney ak Marvel pran la se yon lòt prèv n ap refè l pi gwo ak pi byen pase anvan" te deklare Gouvènè Cuomo. "Epi lè sektè espektak la ap pwospere, li alimante plizyè douzèn lòt sektè ak biznis. Konpetisyon an pou pwojè sa yo rès epi Disney te ka chwazi pou l filme emisyon sa yo nenpòt kote, men yo te konnen tounaj nan New York vle di travay ak sa ki pi bon nan monn lan. Emisyon sa yo pote sipèwo New York lakay yo— ansanm ak plizyè santèn dyòb ak milye dola nan nouvo biznis."

"Depi lane 2008, Disney bay dirèkteman prèske yon demi milya dola nan ekonomi New York atravè pwodiksyon televizyon ak fim, ansanm ak apeprè 9.000 dyòb pou Nouyòk," te deklare Robert A. Iger, Prezidan ak Direktè Egzekitif, The Walt Disney Company. "Politik Gouvènè a fè gwo eta sa pi abòdab ak atiran, sa ki ouvri pòt la pou pi gwo envestisman ekonomik ak kreyasyon dyòb pou Nouyòk. Seri Marvel

Haitian Creole

pou Netflix nou an pral ponpe plizyè milyon dirèkteman nan ekonomi lokal la epi kreye plizyè santèn nouvo dyòb.”

“Nou remèsye Gouvènè a ak gwo eta New York la pou èd yo bannou pou kreye dènye kontèks la nan seri epik sa. Mete pwodiksyon nou an nan Vil New York vreman montre aklè otantisite ak eksitasyon nou planifye pou nou pote nan The Defenders ak istwa ‘flawed heroes of Hell’s Kitchen’ li yo,” te deklare Alan Fine, Prezidan, Marvel Entertainment.

Nan mwa novanm pase, Disney ak Netflix te anonse yon kontra san parèy pou Marvel TV pou l pote plizyè seri orijinal avanti sèn reyèl kat pèsonaj pi popilè Marvel esklizivman nan prensipal Rezo TV Entènèt nan monn lan apati lane 2015. Akò san parèy sa mande pou Marvel devlope kat seri ki gen yon total 52 epizòd innèdtan ki regwoupe nan yon pwogramasyon mini seri ak 4 rive 8 epizòd. Epope a ap pase nan yon seri ki chita sou “Daredevil,” epi annapre “Jessica Jones,” Iron Fist” ak “Luke Cage,” epi pral dewoule pandan plizyè lane pwogramasyon orijinal, kap plonje espektatè byen fon nan monn difisil ewo ak mechan Hell’s Kitchen, New York. Netflix angaje l nan yon seri ki gen kat, twèz epizòd pou piti ak yon mini seri kote pèsonaj Marvel yo ki nan kat premye ekip seri yo jiska “The Defenders,” ki sanble anpil ak “The Avengers.”

Nouvo kontra TV orijinal sa vinn apre kontra distribisyon fim estraòdinè lane pase a kote, apati sòti lon metraj teyat lane 2016 la, Netflix pral sèl sèvis televizyon abònman Etazini pou premye seri fim sèn reyèl ak anime ki soti nan Walt Disney Studios, san bliye tit ki soti nan Disney, Walt Disney Animation Studios, Pixar Animation Studios, Marvel Studios, Disneynature and Lucasfilm.

“The Defenders se pèsonaj New York klasik; entelijan, foul ak imajinasyon epi solid ase pou toujou kanpe pou sa ki bon,” te deklare Ted Sarandos, Responsab Kontni. “Nou kontan anpil y ap reviv sou teritwa pa yo grasa Gouvènè Cuomo ak ekip li a.”

Lè Gouvènè Cuomo te pran fonksyon nan lane 2011, li te atire pwodiksyon fim ak televizyon ak sektè pòs pwodiksyon, epi dyòb ak enpak ekonomik yo pote ak yo, yon pati enpòtan nan estrateji jeneral pou devlope ekonomi New York. Depi lè sa, li vote yon pakèt chanjman enpòtan nan toulede pwogram yo pou fè New York pi konpetitif nan mache mondyal sa epi rezilta yo konsiderab. Toulede pwogram yo te benefisyè plizyè lane ki bat rekò nan lane 2013, sa ki pote plizyè milya dola nan nouvo depans ak plizyè milye dyòb nan Empire State la. Stabilite bourad lajan sou plizyè lane a te sitou ankouraje devlopman travay pwodiksyon seri televizyon, tankou seri Marvel la, ansanm ak investisman alontèm nan enfrastrikti, epi tou sa kreye plizyè milye dyòb dirèkteman ak endirèkteman nan sa ki gen pou wè ak pwodiksyon aktyèl yo menm.

Pandan ane sivil 2013 la, aplikasyon pou 183 pwodiksyon fim te prezante epi yo te gen ladan yo 124 fim, 33 emisyon televizyon ak 26 pilòt. Pwojè sa yo pral :

- Ponpe yon depans dirèk \$2.11 milya nan NYS;
- Ranmase \$477 milyon sou fòm kredi; epi
- Anboche 128.165 aktè ak ekip tounaj pou 183 pwojè ki prezante yo.

John Ford, Prezidan, International Alliance of Theatrical and Stage Employees (IATSE) Local 52 te di konsa, “Gason ak fanm IATSE ap chèche patisipe nan esperyans san parèy sa. Grasa vizyon Gouvènè Cuomo ak Lejislati a, bourad lajan pou ankouraje pwodiksyon alontèm sa bay patwon konfyans yo bezwen pou yo envesti nan nouvo kanal espektak ki pral pote plizyè milye nouvo dyòb ak bon salè ak avantaj.”

Thomas J. O’Donnell, Prezidan Teamsters Local 817 te di konsa, “Theatrical Teamsters Local 817 kontan anpil dènye seri televizyon Marvel la pral filme nan New York. Angajman alontèm sa se yon reyalizasyon san parèy ki pral pote anplis dyòb, stabilite nan travay manm nou yo ak lavi fanmi nou yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418